

# 23 me

**Senyè a te montre ou sa ki byen. Tou sa li mande ou, se pou ou fè sa ki dwat, se pou ou gen kè sansib nan tout sa w ap fè, se pou ou mache san lògèy devan li.** Miche 6. 8

## **Twa objektif**

Zanmi kretyen, Bondye konnen plan k ap pase nan kè nou chak. Li sèvi ak pwofèt Miche pou li montre nou twa fason pou nou mennen lavi nou pou nou ka fè l plezi.

– *Se pou ou fè sa ki dwat.* Se pou nou dwat nan pawòl nou, nan atitid nou, nan relasyon nou ak lòt yo. Se byen vit moun ka wè lavi dwat sa nan yon monn ki chaje ak manti ak ipokrizi. Se li ki baz tout temwayaj yon kretyen. Li montre youn nan karaktè Bondye.

– *Se pou ou gen kè sansib.* “Chak maten, voye benediksyon ou sou nou ! Konsa, n a chante, n a toujou gen kè kontan” (Sòm 90. 14). Kè sansib, fè nou chèche byen moun ki antoure nou yo, e pou nou reponn a bezwen espirityèl moun sa yo, afektif oswa materyèl ; san nou pa kite sa dekouraje nou lè yo pa konprann nou oubyen yo meprize nou.

– *Se pou ou mache san lògèy devan Bondye.* De premye pwen yo, gen pou wè ak relasyon nou ak lòt moun parèy nou yo ; men sila a, li gen pou wè ak atitid nou anvè Bondye. Li se kreyatè nou, Bondye sovè nou an. Se li menm ki kenbe nou nan lavi kretyèn nou. Si nou reyalize toutbon vre tout sa nou ye soti nan Bondye, sa ap fè nou rete enb anvè li, e nou konte sou èd li pou nou ka fè volonte l jou apre jou.

Gen yon sèl moun ki te reponn san manke anyen ak sa Bondye mande lèzòm nan, se Jezi, Senyè nou an. Bondye te di de li nan syèl : “Ou se pitit mwen renmen anpil la ; se nan ou mwen pran tout plezi mwen” (Mak 1. 11).

Yo envite nou pou nou suiv li e imite li.

# 23 mai

**Qu'est-ce que l'Éternel recherche de ta part, sinon que tu fasses ce qui est droit, que tu aimes la bonté, et que tu marches humblement avec ton Dieu ?** Michée 6. 8

## Trois objectifs

Amis chrétiens, Dieu connaît les dispositions intérieures de chacun de nous. Par le prophète Michée, il nous indique trois manières d'orienter notre vie pour lui plaire.

– *Que tu fasses ce qui est droit.* Être droit dans nos paroles, nos attitudes, nos relations avec les autres. Cette droiture se remarque vite dans un monde imprégné de mensonge et d'hypocrisie. Elle est à la base de tout témoignage chrétien. Elle montre un des caractères de Dieu.

– *Que tu aimes la bonté.* “Rassasie-nous, au matin, de ta bonté ; et nous chanterons de joie” (Psaume 90. 14). Dieu est la source de la bonté, Jésus en est l'expression parfaite. La bonté nous conduit à chercher le bien de ceux qui nous entourent, et à répondre à leurs besoins spirituels, affectifs ou matériels, sans nous laisser décourager par l'indifférence ou le mépris.

– *Que tu marches humblement avec ton Dieu.* Les deux premiers points concernent nos relations avec nos semblables ; celui-là touche à notre attitude envers Dieu. Il est notre Créateur, notre Dieu sauveur. C'est lui qui nous soutient dans notre vie chrétienne. Si nous réalisons vraiment que nous devons absolument tout à Dieu, nous restons humbles vis-à-vis de lui, et nous comptons sur son aide pour faire sa volonté jour après jour.

Un seul a parfaitement répondu à ce que Dieu attendait de l'homme, c'est Jésus notre Seigneur. Dieu lui a déclaré du ciel : “Tu es mon Fils bien-aimé ; en toi j'ai trouvé mon plaisir” (Marc 1. 11).

Nous sommes invités à le suivre et à l'imiter.